

## **BAB III**

### **METODÉ PANALUNGTIKAN**

Métode panalungtikan minangka terékah nu dipaké ku panalungtik dina nalungtik anu sipatna ilmiah pikeun meunangkeun data nu miboga tujuan jeung mangpaat. Dumasar éta, aya opat hal nu kudu ditengengetan nyaéta cara ilmiah, data, tujuan, jeung mangpaat nu tangtu. Cara ilmiah miboga maksud yén unggal panalungtikan kudu dumasar kana ciri-ciri paélmuan; rasional, émpiris, jeung sistematis. Data nu geus dicangking tina panalungtikan mangrupa data émpiris nu kudu valid. Tujuan panalungtikan téh aya tilu nyaéta pikeun néangan, ngabuktikeun jeung mekarkeun. Lamun mangpaat tina panalungtikan téh sangkan bisa dipaké pikeun maham, ngaguar jeung nyingkahan pasualan (Sugiono, 2015, Kc. 3-5).


Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif kalayan pamarekan kualitatif. Nurutkeun (Sugiono, 2015, Kc. 15) métode panalungtikan kualitatif mangrupa métode nu dumasar kana falsafah *postpositivisme*, dipaké pikeun nalungtik kaayaan objék nu ilmiah, jadi nu nalungtik téh konci tina instrumén panalungtikanana, téhnik ngumpulkeun data diayakeun ku cara triangulasi (gabungan), analisis data miboga sipat induktif atawa kualitatif, jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih condong kana ma'na tibatan generalisasi.

Dina ieu panalungtikan, métode déskriptif dipaké pikeun ngadéskripsikeun sawangan umum ngeunaan kaarifan lokal nu nyampak dina tafsir Sunda Raudhatul Irfan fi Ma'rifatil Al-Qur'an karya KH. Ahmad Sanusi ogé medar ngeunaan métode jeung corak panafsiran KH. Ahmad Sanusi dina éta tafsir.

#### **3.1 Désain Panalungtikan**

Nurutkeun Arikunto (2013, Kc. 90) désain panalungtikan nyaéta hiji rarancang atawa gambaran ngeunaan léngkah-léngkah nu baris dilaksanakeun nalika lumangsungna panalungtikan. Ayana ieu désain panalungtikan, sangkan

panalungtikan bisa tetep dina galurna, henteu kaluar jauh tina udaganna. Ieu désain téh bisa ngagampangkeun nalika prugna panalungtikan. Désain kagambar saperti ieu;



**Bagan 3. 1 Désain Panalungtikan**

### 3.2 Sumber Data

Nginget kana ieu kajian téh nyaéta panalungtikan kualitatif nu sumberna aya dina bahan kepastakaan (*Library Research*), mangka pikeun ngagampangkeun prosés analisis, sumber data dibédakeun jadi golongan-golongan saluyu jeung kalungguhan éta data. Dina ieu panalungtikan, aya dua sumber data nu jadi rujukanna, di antarana data primer jeung data sekundér.

#### a. Sumber Primér

Data primer mangrupa data utama nu di jerona aya rumusan panalungtikan, nu mimitina dikaji jeung dicutat. Anapon nu jadi sumber

primérna nyaéta kitab tafsir Sunda Raudhatul Irfan fi Ma'rifatil Al-Qur'an karya KH. Ahmad Sanusi.

b. Sumber sekundér

Ieu sumber data nu matérina henteu langsung patali jeung masalah nu dirumuskeun. Ieu bahan data minangka pangrojong atawa panglengkep data primer. Data sekundér eusina ngeunaan tulisan-tulisan nu aya patalina jeung matéri pokok nu ditalungtik. Anapon éta data-data téh bisa dicangking tina buku-buku, artikel, majalah, karya ilmiah atawa média séjén nu ngarojong jeung tangtu aya patalina kana kajian panalungtikan nu ngawengku kaarifan lokal, tafsir Sunda jeung tafsir Raudhatul Irfan ogé KH. Ahmad Sanusi.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén dina ieu panalungtikan mangrupa kartu data nu eusina mangrupa cutatan kaarifan lokal nu aya dina tafsir Raudhatul Irfan fi Ma'rifatil Al-Qur'an karya KH. Ahmad Sanusi. Sangkan leuwih jéntré bisa ditingal conto saperti di handap ieu.

Kode dat	: RI/ surah ka-/ayat/kaca
KT	:
KKP	:
Jkl	:

#### Bagan 3. 2 Instrumén Panalungtikan

##### Keterangan

- RI : Raudhatul Irfan  
 KT : Kalimah tarjamahan  
 KKP : Kalimah katerangan penafsiran  
 JKL : Jenis kaarifan lokal

### 3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta make ulikan Pustaka. Winarto (2013, Kc 47) nyebutkeun yén ulikan Pustaka téh mangrupa sagala informasi tinulis nu saluyu jeung masalah panalungtikan, dipaké minangka rujukan dina nangtukeun masalah jeung raraga mikir nu aya dina buku-buku atawa karya ilmiah séjénna. Sangkan leuwih jéntré, bisa ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap:

- 1) Maca tafsir Raudhatul Irfan fi Ma'rifatil Al-Qur'an
- 2) Maluruh kaarifan lokal nu nyampak dina éta tafsir tuluy nganalisis relevansi hermeneutik Gadamer kana kaarifan lokal nu aya dina tafsir.
- 3) Ngeusiaan kartu data

### 3.5 Analisis Data

Objék panalungtikan dina ieu skripsi téh nyaéta studi Al-Qur'an, kalayan nalungtik kaarifan lokal dina tafsir Raudhatul Irfan fi Ma'rifatil Al-Qur'an, lamun data geus ka kumpul, tuluy bakal dianalisis maké *content analysis*. Nurutkeun Payne & Payne dina (Sarosa, 2012, Kc. 70) *content analysis* didéfinisikeun salaku cara pikeun néangan makna tinulis atawa visual kalayan alokasi eusi sistematis kana katégori nu leuwih rinci nu geus ditangtukeun saméméhna, tuluy ngitung jeung ngainterprétasikeun hasilna. Tuluy dina narik kacindekanna maké métode induktif, nyaéta métde nu dimimitian ku hal-hal nu rinci jeung sipatna individual di lapangan, tuluy meunangkeun kacindekan nu sipatna umum.

Pamarekan nu dipaké pikeun maluruh eusina nyaéta maké pamarekan hermeneutika Gadamer. Hermeneutika nyaéta pamarekan nu dimimitian tina Analisa basa nu satuluyna ngaheureut kana kontéks, tuluy narik makna. Nurutkeun Gadamer dina prosés interpretatif ayana interaksi anantara panafsir jeung téks, dimana panafsir ngayakeun tinimbang kontéks historisna dibarengan prasangka panafsir saperti tradisi, kapentingan praktis, basa jeung budaya (Al-Baghdadi & Husaeni, 2007, Kc. 7).